

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran dina ieu panalungtikan, nu ngawengku kalungguhan katut prak-prakan, ma'na simbolis anu nyampak dina tradisi nelesan, jeung kosmologi nu nyampak dina tradisi nelesan, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kalungguhan tradisi nelesan di Désa Nagrapageuh, miboga posisi anu luhung. Ku sabab, ieu tradisi dianggap jadi hiji kabiasaan anu sok dilaksanakeun jeung ningtrimkeun haté, sok sanajan antusiasme masarakat kana ieu tradisi masih kénéh kurang. Tradisi nelesan asal kecapna tina *teles* anu hartina baseuh jeung mangrupa serepan tina basa Jawa-Cirebon. Dumasar kana sajarahna ieu tradisi geus aya ti taun ± 1596 , jaman panjajahan Walanda di Indonésia. Tradisi nelesan mangrupa kagiatan meresihan atawa ngumbah benda-benda pusaka titinggal karuhun, anu dilaksanakeun unggal tanggal dalapan Mulud. Salian ti éta, ieu tradisi lain ngan ukur meresihan benda pusaka wungkul, tapi sacara filosofi ngabogaan harti pikeun meresihan haté tina kokotor hawa napsu jeung loba ajén-inajén anu nyampak dina tradisi nelesan sarta mupusti sangkan benda-benda pusaka kapiara jeung teu babari ruksak tur aya turunkeuneun saksi sajarah lembur ka anak incu.

Pangaruh diayakeunana ieu tradisi pikeun masarakat, utamana sikep masarakat kana ieu tradisi nyaéta masarakat ngarojong kana lumangsungna ieu tradisi. Tapi dina sikep ngarojong éta, henteu sakabéhna ngarojong bener kana ieu tradisi. Iwal ti, kolot jeung sababaraha jalma anu resep kana kabudayaan. Salian ti éta, pangaruh séjén diayakeunana ieu tradisi pikeun masarakat nyaéta, sabagéan masarakat aya kénéh anu percaya jeung muru cai urut ngumbah benda-benda pusaka pikeun ngalap kabarokahanana. Kagiatan upacara adat atawa tradisi, tangtu teu bisa dipisahkeun ti nu ngarana sasajén.

Anapon prak-prakan nu aya dina tradisi nelesan ngawengku tilu tahapan, nyaéta *pra* tradisi nelesan, lumangsungna tradisi nelesan, jeung *pasca* tradisi nelesan. Saméméh prung nincak kana acara inti, ilaharna kuncén sok ngayakeun sawala nu dihadiran ku aparat désa (saperti kadés jung réngrénganana) jeung nu rék

ngayakeun tradisi nelesan, pikeun ngabagi pancén tur néangan jeung nataharkeun sagala rupa hal kalengkepan anu diperlukeun dina lumangsungna ieu tradisi. Tujuanana pikeun nyingkahan sangkan dina ieu kagiatan henteu aya nu kaliwat. Kagiatan sawala bisa dilaksanakeun di imah kuncén atawa pakuwon. Salian ti éta, *pra* tradisi nelesan ngawengku kana tilu kagiatan, nyaéta palaku tradisi nelesan, néangan jeung nataharkeun bahan-bahan sarta alat (properti), jeung ngasakan rupa-rupa kaolahan sasajén dina tradisi nelesan.

Lumangsungna tradisi nelesan mangrupa prak-prakan diayakeunana acara inti dina tradisi nelesan. Dina lumangsungna tradisi nelesan, ngawengku opat bagéan nyaéta waktu jeung tempat lumangsungna tradisi, tawasulan, meresihan jeung majangkeun benda-benda pusaka titingal karuhun, sarta macakeun du'a panutup. Raksukan anu digunakeun nalika tradisi nelesan, nyaéta raksukan anu rapih jeung sopan, ku sabab can aya raksukan anu husus. Tradisi nelesan dilaksanakan unggal tanggal dalapan Mulud, ti jam tujuh isuk-isuk, di pakuwon (balé désa) Nagarapageuh. Sabada éta, kagiatan nu aya dina *pasca* tradisi nelesan nyaéta dahar sasajén babarengan jeung bébérés sakabéh alat (properti). Ilaharna, ieu tradisi bérés saméméh lohor, kurang leuwih jam 12.00 WIB.

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran ma'na simbolis dina tradisi nelesan, kapaluruh tilu diménsi simbolis nu ditétélakeun ku Turner, nyaéta: (1) étnografis, nu jumlahna aya sapuluh rupa; (2) ékségésis, nu jumlahna aya tilu puluh tujuh rupa; jeung (3) éksplanasi, nu jumlahna opat puluh. Salian ti éta, katitén ogé anu jadi diménsi dominan tina ulikan simbolis tradisi nelesan, nyaéta diménsi éksplanasi, anu jumlahna aya opat puluh. Jumlahna anu opat puluh téh, nyaéta Situs Karomah Pasaréan Pangéran Undakan Kalangan Sari, tradisi nelesan, raja buluh, menyan, sasajén, benda-benda pusaka anu dikumbah, kupat salamet, kupat tangtang angin, kupat, cobék tawés, beuleum cau raja kinca, cara beureum jeung cara bodas, endog asin, congcot, eusi congcot, leupeut, bubur beureum jeung bubur bodas, roko surutu, gula batu, kembang tujuh rupa, tujuh rupa bungbuahan, cai kalapa, dawegan, asem jawa/kawak, cai rujak kembang, cai rujak kopi pait, cai rujak kopi amis, cai rujak entéh pait, cai rujak entéh amis, cai rujak asem, cai rujak kalapa, cai rujak cau, cai rujak selasih, cai rujak hérang, warirang, batu bodas, angka-angka ganjil, gémbol, keris, jeung du'a atawa tawasul.

Kosmologi nu nyampak dina tradisi nelesan nyaéta ayana kapercayaan masarakat kana fénoména-fénoména nu lumangsung, boh dina tradisi nelesan, boh di Désa Nagarpaguhna sorangan. Ieu hal kabuktian ku ayana kapercayaan dina sasajén, nyeungeut menyan, benda-benda pusaka (saperti batu mérah dalima, keris, jeung gémbol nu beulah jadi tilu bagian), sarta kajadian-kajadian nu karandapan di Situs Karomah Pasaréan Pangéran Undakan Kalangan Sari, nu aya patalina jeung kosmologi Sunda.

Salah sahiji contona aya dina sasajén. Sasajén mangrupa susuguh atawa sarana spiritual masarakat salaku média pikeun komunikasi jeung ngadeukeutkeun diri ka nu Maha Kawasa. Unggal kaolahan sasajén jeung benda-benda pusaka anu aya dina upacara tradisi, miboga pituduh karuhun anu ngandung siloka luhung pikeun ngamumulé kabudayaan ku para generasina. Patalina sasajén tradisi nelesan jeung kosmologi, nyaéta dina ieu sasajén loba kaolahan anu dijieun tina hasil bumi atawa alam, saperti congcot, kupat salamet, kupat tangtang angin, roko surutu, tujuh rupa bungbuahan, tujuh rupa kekembangan, jsb. anu kapauruh miboga pola tilu dijerona. Saupama dijabarkeun dawegan, tujuh rupa bungbuahan, jeung congcot dibeunangkeun tina tangkalna anu jadi, jarangkung ka luhur, warnana nu semu héjo konéng kacoklatan nu miboga harti kasucian jeung patékadan. Salian ti éta, wangun congcot anu nyongcot ka luhur ngalambangkeun kayakinan jeung kateguhan iman ka Allah Swt.

Daun awi, daun kalapa, jeung daun cau mangrupa tutuwuhan anu kuat atawa teu babari urug. Ieu hal katitén saupama gedé angin, ieu tutuwuhan bakal milu kamana angin mawana. Kitu deui jeung sapuluh rupa rurujakan jeung warirang, nu nyimbolkeun pinuhna rasa dina kahirupan, nepi ka aya istilah can hirup lamun teu miboga rasa (wawancara Abah Ali, 20 Juni 2022). Hartina, urang kudu miboga rasa sangkan bisa apal kana ma'na kahirupan nu kudu silih asah, silih asih, jeung silih asuh. Ku kituna, daun awi, daun kalapa, daun cau, rurujakan jeung warirang diibaratkeun kulit anu mungkus manusa sangkan miboga pasipatan atawa kalakuan anu hadé. Kitu deui jeung bubur beureum, bubur bodas, kupat salamet, kupat tangtang angin, leupeut, cara beureum jeung cara bodas mangrupa kaolahan anu bahan dasar dijieunna tina béas nu warnana bodas, cobék tawés, nu mangrupa kaolahan tina lauk nu rungseb ku cucuk jeung kudu pinuh ku katalitian nalika

murakna. Ku kituna, kosmologi dina sasajén bisa diartikeun salaku gambaran kahirupan manusa anu pinuh ku rupa-rupa rasa, prosés jeung miboga ma'na urang salaku manusa kudu hirup guyub sauyunan jeung papada masarakatna. Disagédéngeun éta dina ngalakonan kahirupan urang kudu inget jeung salawasna sukuran ka Allah Swt. kana sakur ni'mat jeung kaberkahan nu geus dipiboga.

Dumasar kana pedaran di luhur, buana nyuncung nu dimaksud nyaéta dunya kahyangan, tempat cicingna nu Maha Kawasa atawa tempat suci. Sasajén, nyeungeut menyan, benda-benda pusaka (saperti batu mérah dalima, keris, jeung gémbol nu beulah jadi tilu bagian), sarta kajadian-kajadian nu karandapan di Situs Karomah Pasaréan Pangéran Undakan Kalangan Sari, kaasup kana buana pancatengah. Hartina tempat pikeun ngaberesihkeun diri tina kokotor, saacan naék ka buana nyuncung.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis kosmologi, kalungguhan katut prak-prakan, jeung ma'na simbolis anu nyampak dina tradisi nelesan, ieu panalungtikan satuluyna bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kabudayaan jeung tradisi. Satuluyna ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun ogé pikeun dunya atikan, dina ngawanohkeun tradisi nelesan nu aya di Désa Nagrapageuh ka nonoman jeung masarakat kiwari.

5.3 Rékoméndasi

Aya tilu rékoméndasi anu perlu ditepikeun, sanggeus dilaksanakeunana ieu panalungtikan, nyaéta: (1) dina ieu panalungtikan ngansaukur ngabahas ngeunaan kosmologi jeung simbolis nu nyampak dina tradisi nelesan wungkul, sedengkeun batu makam salapan jajar, anu posisina aya di luhur gunung Nagrapageuh acan kapaluruh sarta bisa ngagunakeun pamarekan élmu lianna; (2) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa ngamumulé tur ngahirupkeun deui ieu tradisi, sangkan henteu kagerus ku jaman; jeung (3) pikeun lembaga kabudayaan, hususna Disparbud Kab. Ciamis dipiharep tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan invéntarisir jeung ngajadikeun ieu tradisi agénda taunan, sangkan bisa ngamumulé tur ngawanohkeun ka nonoman-nonoman jaman kiwari, jembarna kabudayaan nu aya disabudeureun Kab. Ciamis.